



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 8 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PI GWO KANPAY TOURIS NEW YORK JANM FÈ DEPI PLIZYÈ DIZÈN LANE

Somè Touris Jenere Nouvo Lide pou Rale Plis Vizitè nan Eta New York

Gouvènè: Touris nan NYS Egal Biznis

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman pi gwo kanpay touris New York janm fè depi plizyè dizèn ane, sa ki angaje apeprè \$60 milyon pou devlope endistri a, kreye djòb epi atire plis vizitè ankò nan Empire State la.

Anons Gouvènè a te vini nan konklizyon Somè Touris Eta New York la, kote plizyè santèn ekspè nan zafè touris te rasanble nan Albany pou diskite sou lide ak nouvo fason pou pote touris nan chak kwen eta a. Antanke senkyèm sektè ki anplwaye plis moun nan New York, touris te sipòte 714.000 djòb epi te jenere \$29 milya nan salè nan lane 2012. Sou chak 12 djòb nan New York gen youn ki gen rapò ak tourism. Plis pase 202 milyon vizitè entènasyonal ak nasyonal ki te vizite Empire State la lane pase pote \$57 milya nan depans touris dirèk, epi te jenere \$7 milya nan taks onivo eta ak lokal.

“Eta New York genyen kèk nan pi bèl atraksyon touristik nan lemonn. Soti nan anwo tèt Adirondacks yo rive sou plaj Long Island yo, kèlkeswa sa wa p chèche w ap jwenn li isit,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen vle lemonn konnen atou sa yo, tou, epi mwen angaje m nan fè Eta a tounen yon destinasyon mondyal ‘yo dwe vizite’ epitou kreye nouvo djòb ak investisman nan New York.”

Aprè diskisyon ak ekspè nan zafè touris epi pare li te tandè enkyetid ak lide otorite touris lokal ak entènasyonal, Gouvènè a te anonse yon seri inisyativ ki te konsevwa pou fè Eta New York tounen kapital touris nan lemonn:

Pi Wo Nivo Finansman Touris depi plizyè Dizèn Ane: Gouvènè a te anonse eta a ap investi apeprè \$60 milyon nan finansman touris - pi wo nivo finansman tourism depi plizyè dizèn ane, sa ki fè Eta New York wazyèm nan peyi a nan finansman touris. Lane pase, eta te investi \$19 milyon nan finansman touris.

Nouvo kanpay maketing I LOVE NY ak Port Authority ak MTA pou fè pwomosyon destinasyon touris nan Upstate NY: Nan kad patenarya ki anonse jodi a, MTA ak Port Authority pral bay \$2 milyon dola pou espas piblisite nan rezo sobwe, bis ak tren ak nan pwen arive ayewopò ak kyòsk pou fè pwomosyon touris nan Upstate.

Haitian Creole

- **Patenarya MTA/I LOVE NY** pral bay plis pase 7.000 espas piblisite nan tout rezo sobwe, bis ak tren MTA. Sa pral gen ladan 2.500 postè nan stasyon sobwe, platfòm ak nan wagon; 2.600 afich piblisite nan bis New York City; 2.000 afich piblisite nan Metro North ak tren LIRR; ak afich piblisite nan 250 Metro North ak platfòm stasyon LIRR pou fè pwomosyon touris nan Upstate. Lane pase, plis pase 8,5 milyon moun te vwayaje nan sobwe, bis ak tren eta a chak jou. Anplis, MTA ak I LOVE NY pral mete logo yo sou destinasyon fewovye ak pasaj pou rantre nan plaj, etablisman kap fè diven, pak ak atraksyon Long Island ak Hudson Valley.

- **Patenarya Port Authority/I LOVE NY** pral debouche sou piblisite nan pasaj ak sèvis pou vwayajè pi enpòtan Port Authority yo: JFK Airport, LaGuardia Airport, PATH, Stewart Airport, Port Authority Bus Terminal ak JFK AirTrain. Espas piblisite Port Authority pral bay pou kanpay la se: Paswèl pou pasaje nan Tèminal 1 ak 5 JFK, kap montre piblisite sou mi ak fenèt enteryè; gwo bandwòl deyò nan Tèminal 1 ak 4 JFK, ki konsewa pou kaptire atansyon vwayajè entènasyonal; 13 siy “dinamik” ki limen pa dèyè nan tèminal JFK, LaGuardia, ak Stewart; Piblisite “Path Through History” sou wagon PATH ak AirTrain kap fè piblisite ak postè sou platfòm stasyon; siy “I Love NY” ak enfòmasyon nan kyòsk enfòmasyon pou vwayajè ki sitiye nan tout tèminal ayewopò JFK, LaGuardia ak Stewart; videyo PSA's “I Love NY” sou ekran "Media Mesh" dijital ki deyò Port Authority a nan Tèminal Bis Port Authority a; ak plis pase 20 resous piblisite dijital deyò ak anndan Tèminal Bis Port Authority, san bliye anbalaj piblisite sou poto ki gen wot viziblite.

- **Lòt Patenarya ak Konpayi Avyon ak Ayewopò:** Kòm premye pwen rantre pou anpil vwayajè ak touris, Gouvènè a te anonse nouvo inisyativ pou akeyi vizitè nan Empire State la epi enfòmasyon yo sou anpil atou ak atraksyon eta a. Sa pral gen ladan moun kap fè akèy sou plas ak sant dakèy nan ayewopò New York. Gouvènè a te anonse tou ayewopò eta yo pral afiche Taste NY. Anplis, Gouvènè te anonse Delta Airlines pral kòmanse afiche piblisite I LOVE NY nan magazin ki nan avyon yo apati mwa sa.

Komisyon Spò ak Evenman Espesyal NYS: Gouvènè a te anonse Eta a pral kreye yon Komisyon Spò ak Komisyon Evenman Espesyal. Komisyon an pral anchaje chèche evenman spòtif ak lòt evenman espesyal nan tout kote nan eta a – epi chèche mòso nan \$600 milya endistri touris spò mondyal la.

Nouvo Sant Dakèy nan Pwen Pasaj Fwontyè ak ant Eta yo: Sant yo pral sèvi kòm sant enfòmasyon sou atou ak atraksyon pou touris nan Eta a. Nouvo siy kap montre atraksyon lokal pral plase tou nan yon manyè stratejik nan pòs sou fwontyè ak ant eta yo.

Nouvo Efò Maketing Taste NY: Jan sa te anonse jodi a, pwodi Taste NY pral vann nan stòp repo ki byen pozisyone nan tout Eta a. Gouvènè te anonse pral genyen yon Tant Taste NY nan tounwa PGA ane ds nan Rochester, kap vann ak distribiye echantiyon pwodi ki fèt nan NY bay amatè tounwa.

Kanpay Touris Entènasyonal: Depi Kontinan Azi jiska Amerik Disid: Gouvènè a anonse yon kanpay touris entènasyonal – ILOVENY ASIA / ILOVENY SOUTH AMERICA – ki pral envite moun lòt bò dlo nan

Empire State la epi gen yon prezans nan mache emèjan tankou Chin ak Brezil. Pral genyen reprezantan NYS kèk kote nan kontinan Azi ak Amerik Disid pou fè pwomosyon Empire State kòm premye destinasyon vwayaj epi ede planfiye itinerè.

Nouvo Enfòmasyon sou Touris pou Desidè yo: Empire State Development pral reprezante yon chanm konpansasyon pou mezire touris, pou ofri biznis New York yon kote pou ale chèche enfòmasyon sou kijan pou vann pi byen bay vizitè epi atire touris.

I LOVE NY nan Times Square: Times Square Alliance la te dakò pou bay eta a espas nan Sant Vizitè a pou ede vann atraksyon eta a bay plis pase 400.000 touris ki vizite Times Square chak ane.

I LOVE NY LGBT: Gouvènè a anonse yon inisyativ nich I Love NY LGBT pou vann NYS nan kominote LGBT, ki kontabilize pou apeprè \$70 milya nan depans tourism nan ETazini chak ane.

Somè jodi a swiv yon seri lòt inisyativ ki gen nan tèt lyo Gouvènè Cuomo, san bliye touris New York Ouvri pou Pèch ak Chas, Path Through History, Diven, Byè ak Alkòl ak Adirondack Challenge lan, ki konsevwa pou atire nouvo vizitè, kreye nouvo djòb epi mete pwojektè bote natirèl ak atraksyon san parèy eta a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418